**ХУÆРЗЕУÆГ КА АРАЗУЙ, Е – ÆХЕЦÆН; ХУÆРЗЕУÆГÆЙ КА ЛЕДЗУЙ, Е ДÆР – ÆХЕЦÆН!..**



*Ромен РОЛЛАН (1866-1944), французаг финсæг: «Гъæуама адæймаг балæдæра, дуйней хецау æма исфæлдесæг ке ’й, уой, æма зæнхæбæл ци æнамонд хабæрттæ цæуй, уони туххæй дзуапдæттæг ке ’й... А дуйнебæл ес айдагъдæр еунæг амонд – аразун, фæлдесун... Неци архайун – адæймаги сахъатдзийнæдтæн сæ тæккæ æбуалгъдæр...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№11 (1027) 2026 анзи 28 мартъи – кæрдæгæзмæлæни мæйæ

Аргъ 1 туман


ÆВАДУАТ УАВÆРТИ АДÆЙМАГ БЕРÆ ЦÆМÆДÆРТИ БÆЛГÆ БÆРГÆ ФÆККÆНУЙ...

## ÆМА ЗÆРДÆ ÆРХÆНДÆГ КУД НÆ КÆНА!..




Къарæ ист æй социалон хизæгтæй

**Аци хузæ ке мухур кæнæн, е уæмæ æгæр карзгомау ма фæккæсæд. Цардиуагон-коммуналон феддонти уæрæдæсæй ка исгъигæ ’й, етæ аци хузæ фæууингæй, махмæ гæсгæ, сæхе рангъæлдзæнæнцæ еци феддонтæ дондзæуæнтæбæл ке æраугътонцæ, еци лæги бунати. Гъе уотæ нæ хорхæй-хорхдæр кæнунцæ аллихузон феддонти еци ирæзæги ирæзт берæ цæйдæрти фæдбæл, уæлдайдæр ба коммуналон лæггæдти фæдбæл. Æма е айдагъ адæмæн нæй сæринез, фал паддзахадæн дæр – хуарздзийнæдтæй цидæриддæр аразуй социалон къабази, æрбанецитæ унцæ еци тарифти æдзæсгондзийнади фудæй. Уой фæдбæл æнцæ, абони сæрмагондæй нæ газети ци æрмæгутæ мухур кæнæн (2,6-7-аг фæрстæбæл), етæ дæр.**

НÆ УОДВАРНИ ГЪОМУСАДИ СÆРБÆЛТАУ АРХАЙУНÆЙ ИХÆСГИН АН ЕУГУРÆЙ ДÆР

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2026 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

НОМЕРÆН



### Æ ДЗУРДÆН ХЕЦАУ АДТÆЙ

– Æгкацати Валоди адтæй рæстзæрдæ æма цæстуарзон, уой хæццæ ба гъæддух адæймаг. Обкоми бюрой æмбурдти, кенæ пленумти æхсæнади æма адæмæн гъæугæ фарстатæбæл дзубандий рæстæг цийфæнди разамонæгæн дæр, æ комкоммæ ихæстæ ка не ’нхæст кæнидæ, уомæн æ рæдуд æргомæй зæгъидæ. Уомæ гæсгæ кедæрти зæрдæмæ нæ цудæй... Хумæтæг адæм ба си боз адтæнцæ, уарзтонцæ ’й... Уомæн æма æ дзурдæн хецау адтæй...

Уотæ дзурдта Æгкацати Валодий туххæй æ кæддæри æмгустгæнæг, æ рæстæги партий обкоми организацион хайади сæргълæуууæг Дулати Амурхан. Уотемæй æй имисунцæ, ка ’й зудта, уонæй ма абони сæрæгас ка ’й, етæ дæр. Мах дæр ин абони ерæн æ рохс ном, уомæн æма ес бæлвурд рæуагæ – зунгонд советон партион-паддзахадон архайæг Æгкацати Михаили фурт Валодий райгурдбæл 25 мартъий исæнхæст æй финддæс æма фондзинсæй анзи (1911-2000). Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 4-5-аг фæрстæбæл.

АХЕДГÆ МАДЗАЛ



### «ГЪÆУККАГ АХУРГÆНÆГ»

Цæгат Иристони идарддæр æнхæстгонд цæуй федералон программæ «Гъæуккаг ахургæнæг». Уой фæрци аци анз республики гъæууон скъолати косун райдайдзæнæнцæ нæуудæс ахургæнæги.

Цæгат Иристони Сæргълæуууæг æма Хецауади пресс-службæ куд игъосун кæнуй, уотемæй цалдæр анземæ программи архайæг иссæнцæ æртинсæй ахургæнæги (куд фæлтæрдгин, уотæ райдайгæ специалисттæ дæр). Гъæуккаг скъолати косун ке райдæдтонцæ, уой туххæй син сæрмагонд паддзахадон зæрдæлхæнæни хузи лæвæрд æрцудæй фæйнæ еу миллион соми (еци грант си алкедæр исхарз кæнуй æхе фæндонмæ гæсгæ).

Аци анзи райдайæнæй фæстæмæ программæ «Гъæуккаг ахургæнæг» æнхæстгонд цæуй фиццаградон национ проект «Фæсевæд æма сувæллæнттæ»-йи уагæвæрди бундорбæл.

*Хун ЦЗЫЧЕН, рагон китайаг зунди лæг: «Дæ уод æгъатир ку уа, дæ зæрдæ ба гурумухъ, æнæхсæст, уæд дин еунæг гъуддаги дæр неци бантæдзænæй. Дæ уод сабур, æвæлмаст ку уа, дæхебæл хуæцун ку фæразай, уæд дæмæ амонд æхуæдæг æрцæудзæнæй...» Аци зундгин загъд бæргæ ку*

КОМКОММÆ БÆЛВУРД АРХАЙД КÆМИ ГЪÆУЙ, УОМИ РÆУÆНТТÆЙ НЕЦИ ЕС ИСАРАЗÆН




# НИСАНГОНД ХУАРЗ МАДЗÆЛТТÆ ÆРЦУДÆНЦÆ. КÆДИМАЙДИ БА ФÆРРÆСТМÆ УИУОНЦÆ...

Цæгат-Кавказаг федералон округи Уæрæсей Федерацийи Президенти Æнхæстбаргин минæвари размæ косæг Совети кезуй æмбурд æрæги арæзт æрцудæй Дзæуæгигъæуи. Разамунд ин лæвардта Æнхæстбаргин минæвар **Юрий Чайка**. Дзубанди си цудæй федералон зилди энергетикон компанитæ æма цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради кустуæтти абоникон уавæри æма сæ идарддæри райрæзти гæнæнтæ æма равгити фæдбæл.

Æмбурди райдайæни Юрий Чайка куд фæббæрæг кодта, утемæй амунд фарстатæбæл косгæй ахсгиаг æй, цæмæй энергетикон комплекс æнæкъулумпийæй коса, цæмæй энергетикон фæрæзнитæ хæдзардзинæй харзгонд æма фæстауæрцæгонд цæуонцæ, уомæ аккаг цæстдард куд уа, цæмæй коммуналон лæггæдти хуæрзгъæдæдзийнадæ хузæнондæр кæна. Æ дзубандимæ гæсгæ, лæмбунæг архайд гъæуама цæуа харзгонд энергетикон фæрæзнити феддонти ихæстæ минкъийдæр кæнунбæл дæр.

Энергетикон æма цæрæнуатон-коммуналон комплексти идарддæри райрæзти фæдбæл арæзт фæлварæн федералон программæ куд æнхæстгонд цæуй, уой фæдбæл æмбурди сæрмагонд доклад искодта Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Æма куд фегъосун кодта, утемæй Цæгат Иристон федералон зилди æртæ регионей номхигъди уогæй, программи уагæвæрдтæ æнхæст кæнунмæ бавналдта 2023 анзи. Уæдæй нуриуæнгæ берæ ахедгæ мадзæлттæ арæзт æрцудæй энергетикон комплекси кустуæттæ æма цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради къабæзтæ фæцгардгъондæр кæнунæн. Арæзт æрцудæй еумæйаг республикон донуадзæн кустуат, цалцæггонд цæуй энергетикон æма коммуналон инфраструктурæ, фæмминкъийдæр æнцæ исхарзгонд энергетикон фæрæзнити туххæй феддонти ихæстæ...

Видеоконференций бастдзийнади фæрци дзубандий архайгутæ адтæнцæ Цæгат Кавкази федералон зилди регионти сæргълæугутæ, Уæрæсей энергетики министри хуæдæййевæг **Петр Конюшенко**, Уæрæсей экономикон ирæзти министри хуæдæййевæг **Сергей Назаров**, акционерон æхсæнадæ «Россети»-й генералон директор **Андрей Рюмин**, акционерон æхсæнадæ «Газпром»-и правлений сæрдари хуæдæййевæг **Виталий Маркелов**, акционерон æхсæнадæ «Газпром межрегионгаз»-и генералон директор **Сергей Густов**, уæдта æндæр федералон министрадтæ æма компанити минæвæрттæ.

Совети æмбурдæн хатдзæгтæ кæнгæй, Юрий Чайка федералон зилди регионтæ æма профилон ведомствити разамонгути размæ исæвардта бæлвурд ихæстæ. Бони фæтки фарстатæбæл дзубанди идарддæр дæр цæудзæнæй еугур регионти æмвæзадæбæл.

Фæстæдæр Юрий Чайка æма Сергей Меняйлойæн адтæй сæрмагонд фембæлд дæр. Уоми дзубанди цудæй Цæгат Иристони нури социалон-экономикон уавæрбæл, ахедгæдæр инвестицион проекттæ æнхæст кæнуни, сæрмагонд æфсæдтон операций архайгутæн æма сæ бийнонтæн уæлæнхасæн паддзахадон агъаз кæнуни æма æндæр ахсгиаг фарстатæбæл.

* * *

Аци игъосункæнуйнагмæ гæсгæ уой зæгъуйнаг ан, æма æмбурди ци дзубанди цудæй æма си ци комкоммæ бæлвурд мадзæлттæ нисангонд æрцудæнцæ, етæ кæдимайди ба æнæгъæнæй ахедгæ рауайиуонцæ æма, адæмæн уоййасæбæл ахсгиаг ка 'й, еци къабази гъуддæгутæ фæррæстмæдæр уиуонцæ æма си зæрдрохс куд уонцæ къабази кустуæттæ сæхуæдтæ дæр æма фæлхасгæнгутæ дæр. Е исуйнаг хабар æй, фал абони ба ма зæрдæдзоргæ 'нцæ еци фарстатæ æма сæбæл æнæдзоргæ дæр куд нæ уæн. Уомæ гæсгæ ба уой фæдбæл æрмæгутæ мухур кæнæн 6-7-аг фæрстæбæл.

2026 АНЗ – УÆРÆСЕЙ ЦÆРÆГ АДÆМИХÆТТИТИ ЕУДЗИЙНАДИ АНЗ

# «НÆ ТУХÆ НÆ ЕУДЗИЙНАДИ ÆЙ!..»

Уотæ исхудтонцæ, æрæги Горæтгæрон районы ци æхсæнрегионалон æмбурд арæзт æрцудæй, уой æ исарзгутæ. Арæзт ба 'рцудæй Фидибæсти тугъдонти бийнонти Комитети цæгатиристойнаг хайади фонд «Фидибæстæ гъæуайгæнгутæ»-йи регионалон хайадæ æма аци районы бунæттон хеунаффæйади администраций хъæппæресæй. Архайдтонцæ си нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æма Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз**.

Мадзал æрбайеу кодта æхсæнади, хецаудзийнади оргæнти косгути, сæрмагонд æфсæддон операций архайгути, сæ хеуæнтти, куд Цæгатæй, уотæ Хонсар Иристонæй дæр, Хъæрæсе-Черкесийæй, Кæсæг-Балхъарæй, Дагестанæй, Цæцæнæй исæуæг минæвæрттæ.

Нæ республики Сæргълæууæг æма Хецауади пресс-службæ куд игъосун кæнуй, утемæй си дзубанди цудæй нæ абониккон цардарæзти зæрдæмæдзоргæдæр гъуддæгутæбæл. Уæлдайдæр ба сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн аккаг агъаз кæнуни фарстатæбæл. Сергей Меняйлой дзубандимæ гæсгæ, форум иссæй, кæрæдзей хæццæ комкоммæ, уомæй уæлдай, сæрмагонд æфсæддон операций архайгути бийнонти цæститæмæ бакæсуни ахсгиаг равгæ. Æ загъд адтæй:

– Хецаудзийнади оргæнти косгутæ æма æхсæнади 'хсæн гъæуама кæрæдзей лæдæрундзийнадæ æма æмгустадæ уа, сæрмагонд æфсæддон операций архайгути бийнонтæбæл, сæ кæстæртæбæл бамæтæ кæнун нæ сæйргадæр ихæстæй еу æй.

Куд ма баханхæ кодта, утемæй операций ветерантæн сæ фарсмæ балæуун гъæуй, сабур цæрди син фадуæттæ гъæуама фæззиннонцæ, социализаций еугур къæпхæнтæ рацæуонцæ:

– Еци фарстатæмæ гъæуама еудадзугдæр нæ цæстæ даræн, алли ветерани ресагæдæр гъуддæгутæ æвзарæн. Æрæги исфедар кодтон, Ветеранти гъуддæгути туххæй комитет исаразуни унаффæ, е еугур фарстатæ дæр æрбайеу кæндзæнæй. Еунæг адæймаг-ветеран дæр æ фарстæ хæццæ еунæгæй нæ байзайдзæнæй, сæрмагонд æфсæддон операцийæй исæздахтæй, уæд æй гъæуама зона, сабур цæрди дæр зæрдтагонæй ке гъæуй, уой.




Форуми кустонцæ тематикон фæзитæ, æргом раздахтонцæ æфсæддон операций архайгæй, æбæрæгæй ка фесавдæй æма нерæнгæ ке ирисхæ бæлвурдгонд нæма 'рцудæй, уони цæуæтæн психологон агъаз бакæнуни гъуддæгутæмæ, реабилитацион кустмæ, социалон нисантæ цæрди уадзунмæ. Агъаззаг дзубандий архайгутæ бакастæнцæ концертмæ, форуммæ рахастонцæ Кавкази адæмти хуæрүйнæгти равдист.

НÆ ХУÆРЗГÆНГУТÆ

## СÆ ФАРНÆХÆССÆГ ФÆЛЛÆНТТÆЙ СИ БОЗ АН!..

Куд нæ бæсти еугур рауæнти, уотæ Цæгат Иристони дæр 25 мартъий бæрæггонд æрцудæй Уæрæсей культури косæги Бон. Уой фæдбæл культури косгутæн зæрдиаг арфитæ ракодта нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Бæрæгбони цитгиндзийнадæ уæлдай бæрзонд ба уомæй искодта, æма, нæ национ культури сæрбæлтау уæлдай æновудæй æма æнтæстгинæй ка архайуй, агъазиау арфиаг гъуддæгутæй си ка фескъуæлхтæй, уони кадгин хуæрзеугутæй ке исхуарзæнхгин кодта, уомæй дæр.

Зæгъæн, музыкалон аййевадæ парахат кæнуни гъуддаги устур байвæрæн ке бахаста, уой туххæй майдан «Иристони кадæн» лæвæрд æрцудæй Махъоти Ацæмæзи номбæл сувæллæнтти музыкалон скъолай ахургæнæг **Хъиргъути-Лазарти Ларисæн**;

Цæгат Иристони адæмон артисти ном лæвæрд æрцудæй Цæгат Иристони Тæбæхсæути Балой номбæл ирон паддзахадон драмон театри актер **Цæллагти Сосланæн**, æригæнтти студи-сатири театр «Амран»-и актертæ **Басити Асланæн** æма **Сидахъати Дзамбулатæн**;

Кадгин ном «Цæгат Иристони адæмон финсæг» аккагонд æрцудæй рауагъдадæ «Ир»-и редактор **Мамукъати Хъазбегæн** æма Цæгат Иристони фингути Цæдеси сæрдари хуæдæййевæг **Цомартати Изæтбегæн**;

«Цæгат Иристони æскъуæлхт артист»-и ном лæвæрд æрцудæй камерон хор «Алания»-йи артисттæ **Езети Игорæн**, **Демьян Карнауховæн** æма **Сидахъати Азаматæн**;

«Цæгат Иристони культури æскъуæлхт косæг»-и номхæссæг иссæнцæ Дзæуæгигъæуи Дзанайти Азанбеги номбæл аййевадон училищей ахургæнæг **Бæдтиати Таймураз**, Зæронд Бæтæхъой гъæуи культури Хæдзари сæргълæууæг **Берозти Римæ**, Æрæдони сувæллæнтти аййевæдти скъолай ахургæнæг **Дзигасти Виктория** æма Чиколай сувæллæнтти аййевæдти скъолай ахургæнæг **Кокойти Людмилæ**.

Аци кадгин хуæрзеугутæй хуарзæнхæгонд ка 'рцудæй, уонæн сæ еугуремæн дæр зæрдиагæй арфæ кæнæн. Æма син ковæн: «Никки агъазиаудæр исфæлдистадон æскъуæлхтдзийнæдтæ уин бантæсæд!..»

Горæтгæрон районы колхоз «Чермен»-и нартихуарикустгæнгути бригадир, Социалистон Фæллойни Бæгъатæр Алæгати Харитони фурт Темирбийи райгурдбæл 27 мартъий исæнхæст æй сæдæ анзи (1926-2005).

РÆСТМÆ ГЪУДДÆГУТÆ АРАЗГУТÆ – ТÆККÆ ХУÆЗДÆР ЗУНДАМОНГУТÆ КÆСТÆРТÆН



# ЛÆГДЗИЙНАДÆ ФÆЛТÆРÆЙ-ФÆЛТÆРМÆ ÆХСЕДУЙ

Цæгат Иристони Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз** æрæги фембалдæй тугъдон цаути архайæг ветеранти – нæ неспублики сæрмагонд æфсæддон операций архайæг ветеранти Ассоциаций минæвæртти хæццæ. Уой туххæй фегъосун кодта Парламенти пресс-службæ.

**Магкати Олег**, **Туати Артур**, **Саламти Осмæн**, **Алибегти Роман**... Анæй алкæмæн дæр ес æхе ирисхъæ, фал сæ цардвæндаги хабæрттæ ба уотæ рауадæнцæ æма сæ æрбайеу кодта еу уæлиауон уæлмонц – Фидибæстæбæл æновуддзийнадæ, æ сæрбæлтау тохмæ цæттæдзийнадæ. Æма нæ абониккон фæсевæдæн æ фулдæр хай æхсаргинæй сæхе æвдесунцæ бæлвурд гъуддæгути. Уæлдайдæр ба сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй. Уордигæй, е фсæддон ихæс исæнхæст кæнгæй, фæстæмæ ка исæздахтæй, уонæн сæ фулдæр сæ хæдзæрттæбæл исæмбæлдзæнæнцæ уæззау цæфти фæсте, барæ сæ адтæй æнцад-æнцойнæй сæ идарддæри царди хабæрттæ кæнунæй. Фал сæ уодиконд уотæ разиндтæй, æма æхсæнади цардæй идардгомау ун сæ бон нæ бацæй, сæхецæн æй нæ аккаг кæнунцæ. Ассоциаци Магкати Олеги разамундæй агъазиау куст кæнуй, цæмæй сæрмагонд æфсæддон операций ветерантæн сæхецæн дæр æма сæ бийнонтæн дæр багъæуаги агъазгонд цæуа...

Устур æргом æздахунцæ патриотон гъомбæладæмæ, ветерантæ ахид цæунцæ скъоладзаути хæццæ фембæлдтитæмæ, дзубанди кæнунцæ ирæзгæ фæлтæрти хæццæ, «Лæгдзийнади Уроктæ» аразунцæ.

Сæ еци кустæн син бæрзонд аргъ искæнгæй, Тускъати Таймораз загъта:

– Гъæуама æригæнтти уодигъæди бундоронæй федаргонд цæуонцæ хуæрзгъæдæдзийнади менеугутæ, цæмæй уарзонцæ сæ Фидибæстæ, æцæг патриотизм ци æй, уой лæдæронцæ. Еци гъуддаги ба сумах æновудæй лæггадæ кæнетæ. Æма уи боз ан, зæрдиагæй уин арфæ кæнæн!..

Дзубанди ма цудæй ветерантæн сæхе царди хабæртти туххæй дæр, загътонцæ сæ фæндитæ, сæ курдиæдтæ. Зæгъæн, кусти бунæттæ агорун æма æндæр бæлдтаг ахурадæ райсун. Уæлдæр кенæ техникон ахурадæ тагъд хузи райсун ветерантæн æй хъæбæр гъæугæ æма вазуггин фарста. Тускъати Таймораз еци хъæппæрес банимадта растбæл æма син еци гъуддаги агъаз кæнунæй зæрдæ байвардта.

Фембæлди рæстæг ма Тускъати Таймораз куд фегъосун кодта, уотемæй бацæттæ кодтонцæ федералон центрмæ курдиадæ, цæмæй тухи структуритæмæ кустмæ райсуни туххæй ветерантæй искæнонцæ кадрти фæстауæрцæ.

Фембæлди кæронбæттæни Тускъати Таймораз сæрмагонд æфсæддон операций ветерантæн еума хатт райарфæ кодта, Цæгат Иристони хуæрзагадæн сæ архайд агъаз ке кæндзæнæй, уой баханхæ кæнгæй.

ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



*Кæддæр раги, дан, япойнаг æфсадæн æ еу тугъдон балций рæстæг æ сæргъи, арæхстгинбæл ке нимадтонцæ, уæхæн балхон бæргæ адтæй, фал ин знаги федар басæттун ба уæддæр не 'нтæстæй – уой дæр æртæ мæйей дæргъи. Æма уæд император æ унаффæгæнæгæн уотæ ку зæгъидæ:*

*– Рарветæ ин агъазæн æвзаргæдæр самурайтæй æфсад!..*

*Æ еци фæндæбæл ин е не 'саразi æй:*

*– Махмæ гæсгæ, хуæздæр уодзæнæй æндæр балхони син рарветун. Уомæн æма фусти æфсадæн домбай ку уа сæ раздзæуæг, уæд етæ фæуууæлахез уодзæнæнцæ домбайти æфсадбæл дæр, уонæн сæ раздзæуæг фус ку уа, уæд...*

* * *

Уотæ уæмæ нæ кæсуй, цума махæн дæр абони нæ ахсгиагæй-ахсгиагдæр гъуддæгутæй нин берети райаразун не 'нтæсуй æнарæхстгинтæн барæгонд ке 'нцæ, уой фудæй. Рæстæгæй-рæстæгмæ æййивд бæргæ 'рцæунцæ, фал... иннæ æнарæхстгинтæй. Куд уæмæ кæсуй, пахсабæл еу хатт рафсæргæй, уомæй цæф ке тæрнихбæл исæмбæла, е ма ибæл дуккаг хатт рафсæрдзæнæй?.. Баруагæс уи уæд, æхе си еудадзуг гъæуай кæндзæнæй... Мадта уæд нæ цардаразæг гъуддæгутæ, сæ исæнхæст кæнунмæ ка исарæхсдзæнæй, уонæн цæмæннæ бабарæ кæнæн?!.



**Омар ХАЙЯМ, рагон персайнаг поэт: «Хуарздзийнадæй фудракæндæ куд нæ игуруй, уотæ фудракæндæй дæр хураздзийнадæ нæ игуруй. Уой равзарунæн ба нин лæвæрд æй адæймагон цæстингас…»**

Кæд уотæ 'й, уæд мадта, Уæрæсейæй абони ка фæлледзæги 'й, уонæн нæ Фидибæстæ агъазиау хуæрзтæ ку фæцæй, уæд еци хуæрзтæй цæмæн райгурдæнцæ еци гадзирахаттæй рацæугути фудракæндтитæ, цæмæн сæмæ разиндтæй уоййасæбæл фудæнхæ сæ Райгурæн бæстæмæ. Уогæ уæхæнттæн Райгурæн бæстæ дæр нæййес – фулдæр сайæни хæццæ син тæгæна кæми ниввæронцæ, е син исуй уæхæн…

**Антон СИЛУАНОВ, Уæрæсей Федераций финанcти министр: «Экономики уотид неци фæууй. Абони æхца æнцонтæй ку радех кæнай, финансон æвæрд ку фæффæлмастдæр кæнай, уæд уой фæсте ба федунтæ багъæуддзæнæй. Ка феддзæнæй? Хумæтæг адæм…»**



Уæрæсейаг экономики æнæлæдæрд дессаг: финанcти министрадæ æхцатæ радех кæнуй кæмæндæрти, федгæ ба сæ хумæтæг фæллойнæгæнгутæ кæнунцæ. Паддзахади къазнайæй кадæртæ хæлæфæй æхцатæ давунцæ, нæуæгæй ба 'й гъæуама мах, хумæтæг адæм, идзаг кæнæн нæ мæгурдæйраг фæрæзнитæй.



**Валерий СЕМЕНОВ, Федераций Совети иуонг: «Æргътæ Уæрæсей цæмæн ирæзунцæ? Уомæн æма фæсарæнти зингæ ирæзунцæ æргътæ, мах товаруадзгутæй ба кæмæндæрти сæ барæн нигулæн æргътæ 'нцæ…»**

Сенатори аци загъд ба уотæ балæдæрæн ес: нæ товаруадзгутæ уоййасæбæл хеваст æнцæ æма æргътæ æвæрунцæ куддæриддæр сæ фæндуй æма син куд пайдадæр уа, уотæ, æма син неке бон неци æй. Нæй лæдæрæн, паддзахади медæгæ цардарæзти закъонтæ Федераций Совет æма хецаудзийнадæ 'нцæ æви æддзæсгон базаргæнгутæ? Æви, адæми цардиуагæ фæххуæздæр кæнунбæл гъæуама ка архайа, уонæн пайдайагдæр æй уæхæн хедард?..

СОЦИАЛОН КЪАБАЗИ НÆУÆГДЗИЙНÆДТÆ

# БЕРÆСУВÆЛЛОНГИН БИЙНОНТÆН – АХЕДГÆ АГЪАЗ

Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæ æфтуйаги 10 процентей уæнгæ уæлдæр бæрци хæццæ берæсувæллонгин бийнонтæн гъæугæ феддонтæбæл проактивон уагæй æрдзубанди кæндзæнæй.

Аци анз еумæйаг пособий æмгъуд радаргъ кæнуни фæдбæл курдиадæ ка барвиста, фал æфтуйæгти тæккæ фулдæр бæрцæ 10 процентей уæнгæ уæлдæр ке æй, уой туххæй пособи ка нæ есуй, тæккæ минкъийдæр æртæ сувæллони гъомбæлгæнæг, еци нийиергутæн феддон автоматикон уагæй исæвæрдзæнæнцæ. Закъони амунд нормæ архайун райдайдзæнæй аци анзи 22 майæй фæстæмæ.

Архайæг нормитæмæ гæсгæ, æфтуйаги æмвæзадæ хуæрзминкъий фулдæр æй, уæддæр бийнонтæ пособи есуни барæй атвоматикон уагæй фæццох унцæ (паддзахади 'рдигæй агъаз уæлдай ахсгиагдæр кæмæн æй, аци æууæл, фиццагидæр, фæббæрæг æй уæхæн берæсувæллонгин бийнонтæбæл). Аци анзи 20 феврали федаргонд нæуæг федералон закъон куд амонуй, утемæй пособи есуни рæстæг ке æфтуйагæ фæффулдæр æй, еци бийнонтæмæ уодзæнæй радон курдиадæ барветуни рæстæг феддони æмгъудбæл никкидæр ма анз бафтауни барæ.

Æфтуйагæ бауадзуйнаг бæрцæй минкъий фулдæр ке æй, уой туххæй амæй размæ еумæйаг пособи кæмæн нæ исæвардтонцæ, закъонмæ хаст æйййивддзийнæдти рæуаги нур еци бийнонтæн никкидæр ма анзи æмгъудмæ исæвæрдзæнæнцæ республики фæццæрунæн гъæугæ тæккæ минкъийдæр хæрзти бæрцæй 50 процентей бæрцæ феддон.



Аци анзи январæй фæстæмæ ке рахастонцæ æма нæуæг нормитæ кæбæл хъæртунцæ, Социалон фонди республикон хайадæ проактивон уагæй æрдзубанди кæндзæнæй аразий дзуапп ма раттуни фæдбæл, еци унаффитæбæл. Бийнонтæбæл ескумæ дуккаг хатт курдиадæ æртветуни ихæс æвæрд нæ уодзæнæй, нийиергутæн хаст унаффи туххæй хабар портал «Госуслуги»-й фæрци фегъосун кæндзæнæнцæ. Аци нийиергутæн исæвæрдзæнæнцæ регионi фæццæрунæн гъæугæ тæккæ минкъийдæр хæрзти бæрцæй 50 процентей бæрцæ феддон. Аци анз Цæгат Иристони сувæллæнттæн фæццæрунæн тæккæ минкъийдæр хæрзти бæрцæ 'й 16534 соми, æма утемæй берæсувæллонгин бийнонтæн пособий бæрцæ уодзæнæй 8267 соми.

Уæрæсей Социалон фонди еумæйаг контакт-центр: 8-800-100-00-01 (телефонæй бадзорæн ес лæвар).

***Уæрæсей Федераций Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади пресс-службæ***

**Цæгат Иристони хузæгæнгути Цæдеси правлений сæрдар, Уæрæсей Федераций æскъуæлхт хузæгæнæг Мæргъити Геуæргий фурт Таймуразбæл 26 мартъий исæнхæст æй фондз æма æртинсæй анзи. Зæрдиагæй ин арфæ кæнæн уой фæдбæл!..**

***АЙЛАРТИ Измаил (1924-2018), финсæг: «Адæймаги цардвæндаги æнзтæ, бæнттæй нимайуйнаг нæ 'нцæ, фал æ царди ахсгиаг медес фæууй, æ цæргæ-цæрæнбонти адæмæн ци хуæрзти бацæуй, ци лæггæдтæ син бакæнуй, уони медæгæ. Адæймагмæ хецæнæй, адæммæ еумæ райсгæй ци фæууй растауйнаг, бафæнзуйнаг менеугутæй, уони 'хсæн сæйрагдæртæ 'нцæ намус æма æфсармæ, рæстадæ æма æгуæнкæ.***

**АДÆМ Æ РÆСТДЗИЙНАДÆ КÆМÆН ЗОНОНЦÆ, УОМÆН МА АККАГ АРГЪ ДÆР КУ КÆНИУОНЦÆ**



ÆГКАЦАТИ Валодий (астæуæй) хумæтæг адæм берæ уарзтонцæ, зæрдæй ин устур аргъ кодтонцæ, уой туххæй æма имæ алцæй разæй дæр етæ уæлдай бæрзонддæр цæстиварди адтæнцæ.

# ÆГКАЦАТИ Валоди: «МÆ МУГГАГ МИН ЗÆГЪУНМÆ ХРУЩЕВ ÆГИРИДДÆР НÆ АРÆХСТÆЙ!..»



**Даурати Дамири нæ дзиллитæ хуарз зонунцæ – еуемæй, куд хуæрзæгъдау, æцæг лæгдзийнадæ ка æвдесуй, уæхæн адæймагæй, иннемæй ба куд фæлтæрдгин журналист æма финсæг. Берæ аййевадон литературон уадзимистæ ниффинста, мухури ин рацудæнцæ хецæн киунугутæй. Адæм сæ зонунцæ, устур цæстиварди сæмæ 'нцæ. Уæлдайдæр ба – нæ Иристони разагъди лæгти туххæй ци документалон уацтæ ниффинста, етæ. Хъулати Хъубади, Æгкацати Владимир, Хъæбæлоти Билар, Тохъайти Гокки… Устур уац бацæттæ кодта Æгкацати Валодий туххæй дæр – е Хъулати Хъубадийи фæсте 1953-1961 æнзти куста партий Цæгат Иристони обкоми фиццаг секретарæй, уой фæсте ба куста хецаудзийнади æндæр бунæтти. Дамирæн æ рæстæги бантæстæй æ хæццæ фембæлун, æма цæбæл фæдздзубандитæ кодтонцæ, уой фæдбæл ци æрмæг бацæттæ кодта, уой кæддæр ма мухур кодтан нæ газети, фал æй абони нæуæгæй æримисуйнаг ан – баруагæс уи уæд, уой аккаг æй.**

Еу рæстæги Иристони куруhондæр лæгтæй еу, Хъулати Хъубадий цард æма кусти туххæй документалон уацау финсун ку райдæдтон, уæд мæ гъудий адтæй, Сталин имæ хуарз цæстæй кастæй, Берия е 'рхуард адтæй, зæгъгæ, рæуæнтти фæрци æй 1953 анзи æ кустæй ку исистонцæ, уæд æ бæсти республики сæргъи ке исæвардтонцæ, еци Æгкацати Валодий хæццæ фембæлун. Фæндадтæй мæ базонун, æ раздзæуæги туххæй имæ ци ес зæгъуйнагæй, ци аргъ кодта æма кæнуй уомæн – куд адæймагæн, куд æхсæнадон-политикон æма паддзахадон архайæгæн, куд разамонæгæн, циуавæр рахастдзийнæдтæ адтæй се 'хсæн уой размæ дæр, уæдта уой фæсте дæр, гъома, Валоди æ бæсти республики сæргъи ку æрлæудтæй, Хъубади ба (*куд зонæн, уотемæй æхе фæндонæй – Ред.*) æ дæлбари косæг ку иссæй, уæд.

Фал гъуддаг уотæ рауадæй, æма ибæл нæ фæххуæст дæн, нæдæр фæстæдæр ин цæргæ кæми рауадæй, еци Мæскуй, кумæдæр, дан, балций рандæ 'й, нæдæр, нæхемæ, Иристони, æхуæдæг Дзæуæгигъæумæ ку иссæуидæ, уæд æй æз нæ базонинæ. Æма уæд мæхе нæбал бауорæдтон, ниммухур кодтон уацау газети, рауагътон æй хецæн киунугæй дæр, фал кæсгутæн зæрдæ байвардтон, Валодий хæццæ раги уа, æрæги уа, уæддæр æнæмæнгæ ке исæмбæлдзинан æма сæ фæстæдæр базонгæ кæндзæнæн, ци фарстатæмæ имæ ратдзæнæн æма мин е ба ци дзуæппитæ ратдзæнæй, уой хæццæ.

Мæ хæццæ радзубанди кæнунмæ ба ке исарази уодзæнæй, уобæл ба цæмæдæр гæсгæ нæ гурусхæ кодтон.

Æма æцæгæйдæр уотæ рауадæй. Цæветтонгæ, æ хæстæгутæмæ ин фæццудтæн æма син мæ фæндæ балæдæрун кодтон, ракурдтон си, Иристонмæ ку исæуа, уæд мин, уæ хуарзæнхæй, фегъосун кæнетæ, зæгъгæ.

Цанæбæрæг рæстæг рацудæй, æма мæнæ бадун Дзæуæгигъæуи æ хуæрифурт Римми хæдзари бæрзонд, фæтæнусхъæ, уорссæр Валодий хæццæ. Мæ фиццаг фарста имæ мæнæ ауæхæн адтæй:

**– Нæ дзубанди ци 'рдигонау, кæци æвзагбæл кæнæн?**

Е мæмæ дестæхузæй æрбакастæй, æ фæтæн армитъæпæнтæ фæйнердæмæ ракодта:

– Гъома, куд кæци æвзагбæл? Гæрр, Иристони зæнхæбæл нæ исæмбалдан?

Æз æхцæуæнæй диктофони кънопкæбæл ралхъивтон.

Нæ дзубанди цæбæл адтæй, уой хæццæ уæ базонгæ кæнуни размæ бал æрхæсдзæнæн кæцидæр хабæрттæ ме 'мдзубандигæнæги скъуддзæгтæ автобиографийæй – уони мин иссирдтонцæ нæ республики сæйраг архиви, финст æй уæгъдебарæ хузи:

– Мæ фиди ма минкъий гъуди кæнун, фондз анзи дæр мæбæл æнхæст нæма цудæй, уотемæй рамардæй. Мæ зæрдæбæл ку æрбалæууй, уæд мæ цæститæ цæмæдæр гæсгæ рацъундæ кæнун, æма æй тухæй-фудти æримисун. Мæнæ цума дорæй дон фæллæмарун, уотæ мæмæ кæддæр æрæгиау кæцæйдæр æ хузæ рагъаруй.

Седзæргæс мадæ 1916 анзи Хумæллæгмæ ниллигъдæй, нур мах минкъийтæ… Еу цалдæр анзи ци рацардан, уæдта, æвæдзи, не 'рвадтæлти хестæртæ баунаффæ кодтонцæ, мадта нæ дзæбæх киндзæ, нерæнгæ ма æригон силгоймаг æй, мах муггаги 'хсæн фенамонд æй, æма уадзæ æма нæуæгæй лæгмæ æрцæуæд, мах ин барæ дæттæн. Нæ мадæ не 'сарази æй! Еуцалдæр анзи ма си фæцан, уæдта мæ мадæ исистадæй æма Фиййагибилæмæ е 'нсувæрмæ цæрунмæ рандæй. Фал ин æ еци æнсувæр дæр берæ нæ рацардæй, гъæди куст кæнгæй фæммард æй, æма дууæ седзæргæси сæ цард мах хæссунæн иснивонд кодтонцæ.

Уæдмæ æз дæр рагъомбæл дæн, 30-аг æнзти фæскомцæдесмæ бацудтæн, уой фæсте ба ами гъæусовети сæрдар исдæн æма мин ку загътонцæ, ду советон хецауади минæвар дæ, зæгъгæ, уæд æнгъалдтон, аци агъазиау бæсти еу хецау Калинин æй, иннæ хецау ба æз. Æригон æнзтæ – сонт гъудитæ. 1931 анзи мæ Къардонмæ райиивтонцæ, ами гъæусоветмæ, ами уæд æрахæстонцæ партий райкоми æвуд косгути, сæ сæргъи Зæнгиати Барис, уотемæй, æма бабæй уони дæгъæлтæ дæр мæнмæ æрбахастонцæ.

Тугъди размæ мæ партий обком Грознамæ ахурмæ рарвиста, каст æй ку фæдтæн, уæд мæ уоми косунмæ ниууагътонцæ сахари æнхæсткоми сæрдари хуæдæййевæгæй. Фал си къуæрейæй уæлдай нæ фæдтæн. Уордæмæ Мæскуйæй партий Центрон Комитетæй циуавæрдæр лæг иссудæй æма бунæттон хецауадæн бауайдзæф кодта, Иристон, дан, сæхецæн кадртæ цæттæ кæнунцæ, æнгъæлмæ имæ кæсунцæ, сумах ба æй уæхе бакодтайтæ.

Уордигæй ку исæздахтæн, уæд кустон цалдæр рауæнеми. Гъæуун хæдзаради министради кадрти хецауæй, партий обкоми фиццаг секретари агъазгæнæгæй, гъæууонхæдзарадон хайади сæргълæууæгæй… Уæдта мæ рарвистонцæ æдасдзийнади комитетмæ бæрнон косæгæй. Устур Фидибæстон тугъди æнзти дæр уоми адтæн.

Фæстугъд, 1946 анзи мæхе рарветун кодтон уæлдæр партион скъоламæ, уæдта мæ партий ЦК-мæ райиивтонцæ. Æхсæз анзи си фæдтæн. 1953 анзи Хъулати Хъубадий æ кустæй ку исистонцæ, уæд мæн æ бæсти рарвистонцæ ардæмæ…»

**– Валоди, зæгъай, ардæмæ ку иссудтæ республики сæргъи æрлæуунмæ, уæд си ци исæййафтай? Хъубадий æ кустæй исесунмæ Кремлæй ци партион къамис иссудæй, уой хатдзæгтæ раст адтæнцæ, уотæ лæгъуз цудæнцæ Иристони гъуддæгутæ?**

– Хъубадий бустæги дзæгъæли исистонцæ. Фал еци рæстæгути уотæ адтæй: еугæр дæ нихмæ иссæнцæ, уæд еци уавæрæй зин фæййервæзæн адтæй. (*Еци халæ рахуардта фæстæдæр Валоди æхуæдæг дæр – Автор.*) Мæнæн Мæскуй еудадзуг дзориуонцæ, националон республики, дан, зин косæн æй, зæгъгæ. Мæнæн нæ адтæй!.. Æз иссудтæн, мæхе адæммæ, мæ размæ ка куста, етæ мæнæн исаразтонцæ агъазиау гъæугæ уавæртæ косунæн. Адæми хæццæ мæ рахастдзийнæдтæ фиццаг бæнттæй фæстæмæ адтæнцæ хуарз, æз уони лæдæрдтæн, етæ – мæн.

**– Æма уæд, Валоди, уæхæн уавæрти фæккосгæй, нур æнзти бæрзæндæй ку ракæсис, уæд си сæрустур цæмæй дæ, ци си адтæй дæ сæйраг æнтæстдзийнæдтæй?**

– Мæ сæйраг æнтæстдзийнадæбæл нимайун кустадон, фæллойнадон æгъдау федаргонд ке цудæй, уой. Уæлдайдæр ба разамонæг косгути æхсæн… Уомæй райдайуй алци дæр, уæлахезти сауæдонæ е æй. Мæнмæ гæсгæ, уæддæр æма абони дæр… Зæгъæн, партий обкоми пленум еуæй-еу хатт, тухст уавæртæ ку исæвзуридæ, нисангонд æрцудæй æхсæви дууадæс сахаттебæл, уæд гъæуама æнæмæнгæ еци рæстæги райдæдтайдæ. Мæнæ фæстагмæ куд иссæй, уотæ си цидæр дзæгъæл регистрацитæ æма æндæр кæнгæ «организацион» миутæ нæбал гъæуидæ. Мадта æмбурди рæстæг зали уæгъдæ рацо-бацо дæр неке кодта, еугурæй дæр афойнадæбæл адтæнцæ сæ бунætти æма, цæй туххæй æрæмбурд æнцæ, уой фæдбæл куст цудæй гъуддагонæй…



## АДÆЙМАГÆН Æ КАДИ УÆЛИАУДЗИЙНАДÆ ДЗИЛЛÆ, ГЪУЛÆГГАГÆН, КУ РАМÆЛУЙ, УÆД БАЛÆДÆРУНЦÆ



ÆГКАЦАТИ Валоди нæ республики сæргъи ци рæстæги адтæй, уæд куд иннæ къабæзти, уотæ хуарзæрдæмæ фæббæрæг æй нæ аййевади, уæлдайдæр ба адæмон исфæлдистади райрæзтбæл. 1954 анзи апърели Мæскуй арæзт æрцудæй Советон Цæдеси хехъæппæресадон аййевади фестиваль, архайдтонцæ си Цæгат Иристони минæвæрттæ дæр – æдеугурæй 27 адæймаги. Уонæй еу къуар уинетæ аци хузи, кæци ист æрцудæй еци бæрæгбони рæстæг Кремли. (Хузæ исистан ДАУРАТИ Дамири киунугæ «Мæ гъæу Хумæллæг: адæм, цаутæ»-й.)

Уой фæрци экономики нæ бæрæггæнæтæ дæр адтæнцæ бæрзонд, алли анз дæр адтан адæмон хæдзаради Еугурцæдесон равдисти архайгутæ. Уой фæдбæл мæ мæ загъд фæндуй фæббæлвурддæр кæнун – мæнæ нури хецæуттæ еугур æнтæстдзийнæдтæ дæр сæхебæл куд рафинсунцæ, уæхæн миуæ уæди рæстæгути уæди разамонгутæн сæ гъудити кæрони дæр некæми фæззиндтайдæ, уомæн æма 'й зудтан, нæ къохи цидæриддæр æфтуйуй хуарзæй, цæмæйдæриддæр ан сæрустур, етæ еугурæй дæр æнцæ нæ хуматæг фæллойнæгæнæг адæми фæрци, уой æновуд хъиамæти фæрци нæ кадæ дæлæ еци устур Мæскуй адтæй бæрзонд.

Мæскуй хуарз цæстиварди ке адтан, уой фæдбæл ма мæ еу гъуддаг дæр зæгъун фæндуй. Мæхе растаунæн æй нæ зæгъун, фал мæнæн, куд разамонæгæн, уотæ уоми алли рауæн дæр нæдтæ игон адтæнцæ. Уоми уогæй, зæгъæн, министрти Совети сæрдари хуæдæййевæг Михаил Лесечкомæ ку бацæуинæ, уæд уомæ бахаунмæ мæ бацудмæ æнгъæлмæ ку кастæйонцæ Цæгат Иристонæй берæ баргъондæр облæстти фиццаг секретартæ, мæнæй берæ устурдæр лæгтæ, уæддæр, æз æрбацудтæн, зæгъгæ, уой Лесечко ку базонидæ, уæд зæгъидæ, Æгкаци-фурти бал æрбауадзетæ, мæхуæдæг имæ фæдздзурдтон, зæгъгæ. Мæнæ нæмæ Терки иннæ фарс ци сахатгæнæн завод ес, е еци Лесечкой фæрци фæззиндтæй. Зæрдæ мин байвардта æма æ дзурд исæнхæст кодта.

Еухатт ба цидæр фарстай фæдбæл бахаудтæн радио æма электроники министрадæмæ. Мæ рази министрæн æ хуæдæййевгутæ гъаст кодтонцæ Воронежи облæсти разамонæгæй, гъома, дан, радио-электрон заводæн, зæрдæ куд æвардтонцæ, уотæ бæстихæйттæ не 'сцæттæ кодтонцæ. Кæд исцæттæ кæндзæнæнцæ, е ба бæрæг дæр нæй. Министр син уотæ зæгъуй, ЦК-мæ, дан, гъаст бацæттæ кæнетæ, мæн номæй, æз æй бафинсдзæнæн.

Æз мæхе нæбал бауорæдтон, зæгъун, гъаст ма ибæл цæмæ финсетæ, уой бæсти уотæ бакæнетæ, æма завод мæ минкъий Иристони исаразæн, мах абони дæр уомæ цæттæ ан. Мæ зæрдиаг курдиадæ æма нифсдзийнадæ сæ зæрдæмæ уотæ фæццудæй, æма еци гъуддаги фæдбæл цидæриддæр гъудæй, уони нин уæлдайгунтæй дæр ма равардтонцæ. Иннæ министртæбæл дæр разилдтæн æма, баругæс ди уæд, æдеугурæй фараст бонемæ райстан æртæ заводи æма наукон-æртасæн институт исаразунæн цидæриддæр гъудæй, еци ефтонггæрзтæ æнæгъæнæй дæр. Сæ фæдбæл ба нæмæ Уæрæсей алли къумтæй нихxæррæт кодтонцæ дæсни гъæугæ кадртæ… Æнæнгъæлти уæхæн æнтæстдзийнадæ мæмæ арвæй æрхауæгау кастæй, æма еуæй-еу хатт рагъуди кæнун: мæ сæр уæд куд нæ разилдæй?

Адæймаги искон уотæ 'й, æма ести пайдайаг гъуддаг ку исаразуй, уæд фæннифсгундæр уй æма ма æ зæрдæ цидæртæ æрагоруй, берæ цидæртæ ма æй багъæуй. Мах гъуддаг дæр уотæ раудæй æма нæ цæстæ æрæвардтан сумахбæл, Беслæнбæл. Исфæндæ кодтан ами æфсæнбетон конструкцити завод исаразун. Мæскумæ проект есунмæ ку ниццудтæн, уæд си ниййафтон япойнæгти, фæллимæн ан, еумæ нин сæ равардтонцæ, фал етæ мах разæй фæцæнцæ, махæн уой аразуни куститæ никъкъулумпитæ 'нцæ. Нæхе нæ, Мæскуй фудæй. Еуцæйдæрбæрцæ рацудæй æма дин еци япойнæгтæ Иристони ку æрбалæууиуонцæ, мах, дан, еци завод исаразтан, фал, дан, сумах завод дæр ку фæууинианæ, куд си райаразтайтæ куст, уой. Ци сæмæ равдистайанæ?!

Ке зæгъун æй гъæуй, еци иуазгути ирон финги уæлгъос фурбоцæй, куд фæззæгъунцæ, тугури сæрмæ искæсун кодтан, уæдта дуккаг бон сæ хæццæ хуæдтæхæги исбадтæн, ЦК-и балæудтан, зæгъун, уотæ æма атæ, не 'стур бæстæ япойнæгти цæсти бафтудæй, ходуйнаг кæнæн… Балæдæрдтæнцæ мæ æма къуæрей фæсте Цæдесон министри дууæ фиццаг хуæдæййевæги махмæ командировки исхъæрттæнцæ, сæ фæдбæл Беслæнмæ эшелонтæ кæрæдзей фæдбæл цæун райдæдтонцæ – къирæ, цемент, гъæдæрмæг. Ци уавæри æй нуртæккæ еци завод – ду æй хуæздæр зондзæнæ… Мæнæ сæ цума мæхецæн аразтон, уотæ мæмæ кастæй, мæ цийнæн кæрон нæбал адтæй…

**– Ду цийнæ кодтай, Иристонæн цидæр хуарздзийнæдтæ араздай, дæхемæ гæсгæ дæмæ, æвæдзи, уотæ дæр кастайдæ, гъома, уомæ гæсгæ ди дзиллитæ еугурæй дæр арази цæмæннæ на адтайуонцæ, фал… Еци «фал»-и кой ба уомæ гæсгæ кæнун, арфæгæнгути хæццæ æнæмæнгæ разиннунцæ соцъагæнгутæ æма фаутæхæсгутæ дæр. Уотæ дæмæ нæ кæсуй, цума æнæмæнгæ Мæскуй дæр æма ами, нæхемæ дæр, кæмæндæртæн ба дæхецæй дæр æма дæ кустæй цидæр сæ зæрдæмæ нæ цудайдæ… Цæмæн?**

– Еуæй-еу хатт æгæр домагæ, æгæр карз адтæн. Æз цæмæй сæдемæн хуæздæр уа, уой тухxæй еуей, æцæгæйдæр фудгин ка уидæ, уой бафхуæринæ, уомæ гæсгæ ба мин фæззиндтæй знæгтæ ами дæр æма Мæскуй дæр. Листæ кæнун некæд уарзтон, æргом дзурдтон алцидæр, е ба беретæмæ хуарз нæ кастæй. Æма нур дæр уотæ нæй? Нæ республики хъæбæр ахсгиагæй ка гъудæй, уæхæн фарста нæ бæсти министрти Совети сæрдари хуæдæййевæг Александр Струев æгæр æрæгæмæ лух кодта. Мæ бон имæ кæсун нæбал адтæй, бацудтæн имæ, исгъæртæ ибæл кодтон, зæгъун паддзахади размæ мах нæ ихæстæ исæнхæст кодтан, сумах ба цитæ кæнетæ – айфонмæ нæ фондтæ гъæуама райстайанæ, фал сæ дæу фудæй нæбал æма нæбал есæн, ци гъæуй, уой дин исхуасæ кæндзинан, бюрократтæ уи раудæй ами… Еу дзурдæй, дзæбæх имæ си æрлæвардтон. Е фæббостæ 'й, æ къæбинети мæ еунæгæй фæууагъта æма фендæдуар æй. Куд рабæрæг æй, уотемæй ССР Цæдеси министрти Совети уæди сæрдар Дмитрий Полянскиймæ, гъома, уой мæбæл райардаудзæнæй æма е ба æ сæрбæл исдзордзæнæй, зæгъгæ, исмедæг æй. Е нæ дууемæ дæр байгъуста æма мæн фарс рахуæстæй.

Уой фæсте ба Полянскийæн æхе хæццæ исхилæ дæн. Цæветтонгæ, Мæскуй кадæртæ, цидæр тæлтæг «сæртæ» иселлæг æнцæ, гъома, Цæгат Иристони ци медицинон институт ес, уой, дан, уордигæй рандæ кæнун гъæуй, цидæриддæр си ес дзаумауæй æма æнддæр уæхæн хабæрттæй, уони Дагестанæн раттетæ, кадртæ ба – Идард Хорискæсæнæн…

Æз фурмæстæй рафунхтæн, зæгъун, мæн удæгасæй еци институт ардигæй неке рахæсдзæнæй. Æмбесæхсæвæ мæмæ сæрмагонд бастдзийнади телефонæй Полянский исдзурдта – сахатти бæрцæ мин фæллигъстæ кодта, исарази, дан, уо, никки ба ма уотæ дæр бакодта, гъома, ЦК-йæн дæр, дан, маци зæгъæ. Нæ исарази дæн. Уотæ дæр дзорунцæ, цума нæхе Иссæ дæр, дан, Хрущевæн загъта, цæмæй еци институт ами, Иристони нииуадзонцæ, уой тухxæй. Ка 'й зонуй, уотæ дæр адтæй…

Æбæрнондзийнадæмæ кæсун мæ бон нæ адтæй. Зæгъæн, нæ бæрнон косгутæй еуæй-еуетæ, уой хæццæ ба ма сауæнгæ обкоми секретартæй дæр кадæртæ, Мæскумæ рандæ уогæй республикæн ци гъæуй, еци фарстатæ лух кæнуни бæсти сæхе гъуддæгутæ арæзтонцæ – зилдæнцæ тукæнттæ æма музейтæбæл, бадтæнцæ сæ уоми хæстæгути æма зонгити хæдзæртти фингити сæргъи.

Еухатт дæс боней æмгъудæй рандæ ан еумæ цалдæремæй. Уæд сæмæ фæккоммæ дæн. Ку исæздахтан, уæд аппарат æрæмбурд кодтон æма син загътон: «Мæскумæ нæ алли балций фæсте дæр амæй фæстæмæ, æз мæхуæдæг еугурей разæй, уотемæй ни алке дæр дзуапп дæтдзæнæй мæнæ ауæхæн æмбурди, уоми, ци фарстати фæдбæл фæццудæй, уони исаразунæн ин ци бантæстæй, уой тухxæй».

Еума хатт ма æй зæгъун, æббæрнондзийнадæ мæ алцæмæй дæр хъæбæрдæр масти æфтудта, некæмæн æма неци хузи æй бухстæн. Æрхæсдзæнæн мæнæ уæхæн дæнцæ. Нуртæккæ дзоли фарста лæгъуз æвæрд нæй, фал уæди рæстæги ба къулумпитæ æййафтан. Еухатт, Мæскуйæй иссудтæн, æма Дзæуæгигъæуи тукæнттæ дзолæй ревæд. Партий сахари комитети æма сахари секретарь æма æнхæсткоми сæрдари гъæри буни фæккодтон, зæгъун, дзолфицæн заводмæ уайтæккæдæр цотæ æма си ма рацотæ, цалинмæ тукæнтти тæрхæгутæбæл дзол фагæй нæ фæззинна, уæдмæ…

Уæдмæ мæбæл кадæртæ финсун райдæдтонцæ аллирдæмæти. Партий ЦК-йи дæр разиндтæй, ка сæбæл бауæндтæй, уæхæнттæ, исзæгъæ нæмæ исбæрæг кæнунмæ…

Уони дæр, мæнæ нæ ихæс исæнхæст кодтан, зæгъгæ, ести гъæндзийнæдтæ иссерун куд нæ гъудæй… Æма иссирдтонцæ… Ци ку зæгъай, уæдта, зæгъæн, фæффудгин мæ кодтонцæ – «культличность», дан, дæмæ ес. Зæгъун, ци хузи. Æма си еци бæрæггæнгутæ еу, ЦК-йи нæуæг косæг, уотæ зæгъуй: еу райкоми залмæ, дан, Валодий хæццæ ку бацудан, уæд, дан, уоми бадæг адæм еугурæй дæр сæ бунæттæй фæггæппитæ кодтонцæ æма æмраст ислæудтæнцæ... Æз син Кремли лæдæрун кæнун, зæгъун, махмæ адæми æгъдау уотæ 'й: иуазæг кенæ хестæр ескумæ ку бацæуй, уæд, хецау æй æви хуматæг адæймаг, уой æгириддæр нæ нимайгæй, еугурæй дæр ин исистунцæ, гъома, е æй нæ адæми рагон æгъдау æма фæткæ, уæд æз ба, гæрр, республики сæргъи ку лæуун… Нæ си баругæс æй… Гъе уæхæн æримисгæ хабæрттæй сæ кæнуйнаг бакодтонцæ Хъубадийæн дæр…

***Уодзæнæй ма.***

*Юрий ПОЛЯКОВ, федералон «Литературная газета»-йи сæйраг редактор: «Адæм ку исмæгур уонцæ, уæд е паддзахадæн тæссаг æй. Уой бæрцæ гази æма нефти игурæнтæ ци бæсти ес, уоми адæм гъæуама мæгур цæрдтитæ ма кæнонцæ... Æз нæ лæдæрун, бæстæ федар кæнунбæл ка нæ косуй, фал ин æ мулк хæлæттаг ка кæнуй, уонæмæ хецаудзийнадæ либералон цæстæй цæмæн кæсуй, уой...*

ЦАРДÆЙ ЦИЙНАГ ÆЙ, ЗÆГЪГÆ, СИ КУД ЗÆГЪОН, КÆД ÆМА 'Й ГЪЕЗÆМАРÆГÆНГУТÆ ÆНАДÆ КÆНУНЦÆ?..



# ÆМА ЗÆРДÆ ÆРХÆНДÆГ КУД НÆ КÆНА!..

... Цъухæй-цъухмæ арæхстгин дууæ лимæни Сæтти æма Бæтти еу кувди бадтæнцæ фæрсæй-фæрстæмæ. Бæттимæ кард нæ адтæй, Сæттимæ ба адтæй æма е æ кардæй фидигъзæл куддæр æрлух кæнидæ, уотæ имæ Бæтти фæллæборидæ æма 'й ранихъуæридæ.

Сæтти ин цæйбæрцæдæр фæббухстæй æ миуæн, фал æ лимæн æгæр ку кодта, уæдта имæ еци тингунæй ку исдзоридæ:

– Бæтти, куд дæ æййафон, уотæ хуæрæ!..

Раст Сæттий цау æркодта махбæл, мæгурдæйраг адæмбæл. Нури цардиуаги тухамæлтти уавæрти, уæддæр цидæр ес-бестæ бамбурдтитæ кæнæн, уонæй нæхецæн уоййасæбæл нецима исаразæн, уотемæй нин сæ фулдæрæй-фулдæр хай æнтъойнæ кæнунцæ аллихузон феддонтæ домгутæ. Уæлдайдæр ба си æрбасатар уй цардиуагон-коммуналон лæггæдтæбæл федунæй. Аци уавæр цæйбæрцæбæл тухсун кæнуй адæми, уобæл кæдæй æма кæдæй ардæмæ цæуй дзубанди, сауæнгæ хецаудзийнади тæккæ уæлиаудæр рауæнти дæр. Фал уæддæр уавæр рæвдзæдæр нæ, фал фуддæрæй-фуддæр кæнуй.

Еци фарста лæдæрд æй, аразгæ 'й федералон центри æмвæзни. Фал ибæл уæддæр регионти дæр еци дзорæги дзорунцæ. Уотæ Цæгат Иристони дæр. Зæгъæн, нæ республики Парламент е 'мбурдтæй кæцидæри цæрæнуатон-коммуналон хæдзарадæбæл, тарифтæ æма уавæр фæххуæздæр кæнуни закъонæвæрадон мадзæлттæбæл дзубанди нæ рацудæй, е ефстагмæ фæууй.

Уотæ айразмæ æмбурдтæй еуеми «2026 анзи коммуналон лæггæдтæн адæми феддонти бæрци æма коммуналон лæггæдти тарифти туххæй» си радзубанди кодта тарифти фæдбæл Цæгат Иристони Регионалон служби разамонæг **Плити Вадим**.

Æма е куд фегъосун кодта, уотемæй закъонæвæрунадæмæ гæсгæ, тарифти Регионалон службæ исфедар кодта, экономикон æгъдауæй бундоргун ка 'й, уæхæн тарифтæ – донæн, электрон тухæн, гъар дæттунæн, газæн, донкæдзосгæнæнтæ (канализаци) æма хъæбæр коммуналон хуæццæгтæ ласунæн феддонти бæрцитæ. Уой хæццæ ба ма ес, донæй, электрон тухæ æма донкæдзосгæнæнти лæггæдтæй пайда кæнунæн адæмæн льготæмæ гæсгæ тарифтæ дæр. Е амонуй, экономикон æгъдауæй бундоронгонд ка 'й, еци бæрцæй адæм ке федунцæ минкъийдæр. Е ба уой фæрци æй, æма республикæ ке архайуй «Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарадæ æма энергетики кустуæтти экономикон федар райрæзт»-и цубурæмгъудмæ фæлварæн программи. Гъома, экономикон бундоронгондмæ гæсгæ ци гъæугæ бæрцæ амонуй, адæм уомæй федунцæ минкъийдæр, тарифти 'хсæн игъаугæдзийнæдтæ ба фист ке цæунцæ федералон æма республикон бюджеттæй.

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради лæггæдти тарифтæ аци анз куд æййивд цæудзæнæнцæ, уоми ес хецæндзийнæдтæ. Уотæ тарифтæ фиццаг хатт фæффулдæр æнцæ 1 январæй 1,7 проценти, хъæлон (НДС) ке фæффулдæр æй, уомæ гæсгæ. Дуккаг хатт тарифтæ фæффулдæр уодзæнæнцæ аци анзи октябрæй фæстæмæ (раздæри 1 июли бæсти) æма исирæздзæнæнцæ:

– донæн – 32,08 проценти;

– донкæдзосгæнæнтæн – 29,7 проценти;

– гъарæн – 20,1 проценти;

– электрон тухæн – 11,3 проценти;

– газæн – 9, 57 проценти.

Тарифтæ фулдæр ке кæнунцæ, уой лæдæрун кæнунцæ уæхæн рæуæнттæй: фиццаг – энергихæссæг фæрæзнитæн сæ аргъ кæнуй фулдæр; дуккаг – коммуналон системитæ 'нцæ бундоронæй цалцæгкæнуйнаг (зæгъæн, донуадзæн хæтæлтæн нæбал бæззуй сæ 59 проценти, донкæдзосгæнæн объекттæн – сæ 76 проценти, газ ци хæтæлтæбæл цæуй, уонæн сæ 48 проценти); æртиккаг – экономикон æгъдауæй рæуагæ кæмæн ес, уæхæн æмвæзадæмæ тарифтæ исхъæртун кæнуни республикон программæ 'й царди рауадзуйнаг.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма иннæ тарифти ирæзти хæццæ рабаргæй, бугътæ (хъæбæр коммуналон гæлдзуйнæгтæ) ласуни тариф ке нæ ирæзуй. Уомæн æма, фиццагидæр, бугътæ ласæг регионалон операторти хъалон (НДС) федун нæ гъæуй, уомæ гæсгæ аци анзи 1 январæй тарифти ирæзт уонæмæ нæ хауй. Дуккагæй, аци анзи 1 октябрæй бугътæ ласуни тариф 4,6 процентемæй фæффулдæр уодзæнæй айдагъдæр Мæздæги райони (унаффæгæнæг æй еци райони косæг регионалон оператор «Чистый город»). Республики иннæ районти, куд нисангонд цæуй, уотемæй бугътæ ласуни тариф, нур куд æй, уомæй никкидæр ма фæмминкъийдæр уодзæнæй 81,5 проценти. Е ба, Уæрæсей монополити нихмæ Федералон службæ регионалон оператор «Эра»-йи нихмæ уæхæн унаффæ ке рахаста, хъæбæрдæр уой фæрци.

Коммуналон феддонти рæстæмбес индекс нæ республикæн æй 16,4 проценти. Исфедар æй кодта Уæрæсей Федераций Хецауадæ. Уогæ ба æ тæккæ фулдæр бæрцæ Уæрæсей æй 18,4 проценти.

Еци æмбурди тарифти фæдбæл Регионалон служби разамонæг ма дзурдта, службæмæ комкоммæ ка нæ хауй, фал адæми хъæбæр ка тухсун кæнуй, æма уомæ гæсгæ депутаттæ дæр се 'ргом кæмæ æздахунцæ, еци фарстатæбæл дæр. Дзубанди цæуй, уазал донæн феддони бæрцæ нимайгæй, ци коэффициент 3-йæй пайда кæнунцæ, уобæл (раздæр еци коэффициент адтæй 1,5), – е, дон нимайæн прибор фæлхасгæнæгмæ æвæрд ку нæ уа, уæд. Дзубандигæнæг куд загъта, уотемæй, коэффициент æййивд ке 'рцудæй, е тарифти ирæзтбæл дзорæг нæй, фал æй фæлхасгæнæг кæмæй испайда кодта, еци нормативи ирæзт. Уомæй, æвæдзи, закъонæвæргути фæндуй дон нимайæн приборты æвæрунмæ адæми исразæнгард кæнун. Се 'вæрун хуарз уомæй æй, æма адæми федун гъæудзæнæй минкъийдæр. Иннердигæй, дон цæйбæрцæ исхарз кодтонцæ, е дæр уодзæнæй бæрæг.

Аци рауæн æнæзæгъæн нæййес, нæ республики Сæргълæууæг «Водоканал»-æн ке бафæдзахста, цæмæй хæстæгдæр рæстæг бабæрæг кæнонцæ цæргути, фиццагидæр, цубуркъох æма берæсувæллонгин бийнонти, сæрмагонд æфсæддон операций архайгути бийнонти æма син зæрдæ байвæронцæ, дон нимайæн приборты син ке æвæрдзæнæнцæ лæвар, уомæн. Аци хабар адæм, æнæмæнгæ, гъæуама зононцæ.

Тарифти ирæзти хæццæ баст исæвзургæ уавæрбæл хуарзæрдæмæ гъæуама фæббæрæг уа уæлдæр амунд «Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарадæ æма энергетики кустуæтти экономикон райрæзт»-и цубурæмгъудмæ фæлварæн æнхæстæй программæ царди рауадзуни гъуддаг. Уой фæрци нисангонд æрцудæй дон æма гъар дæттуни, уæдта донкæдзосгæнæнти еумæйаг оператор. Æ сæйраг ихæс æй коммуналон хæдзаради кустуæтти экономикон уавæр фæххуæздæр кæнун, цæмæй се 'нæбундор хæрзтæ кæнонцæ минкъийдæр.

Коммуналон лæггæдтæн федунæй адæмбæл ци уаргъ æвæрд цæуй, уой фæррæуæгдæр кæндзæнæнцæ, паддзахади 'рдигæй син субсидитæ фист ке цæудзæнæй, е дæр. Уонæй испайда кæнуни барæ кæмæ хауй, уой фæдбæл бæлвурд хабæрттæ базонæн ес социалон æгъдауæй лæггадæгæнæг центрти.

* * *

Уæ зæрдæ бустæги цæмæй ма исгъигæ уа аци еугур хабæрттæй, уомæ гæсгæ ба уин фегъосун кæнуйнаг ан, уæддæр еу æхцæуæн хабар. Цæветтонгæ, паддзахадæ дæр, æвæдзи, лæдæрун байдæдта, адæмæн цæйбæрцæбæл сæринез æй тарифти еудадзугон ирæзтитæ, уой. Æма син фæййагъаз кæнуни фæндæй, дех кæндзæнæй феддонтæ (субсидитæ). Уони туххæй мухур кæнæн хецæн игъосункæнуйнаг.

***Къарæ ист æй социалон хизæгтæй.***

ЗОНУЙНАГ ФÆЛХАСГÆНГУТÆН

# СÆ ФЕДУН ЦÆМÆЙ УА ÆНЦОНДÆР...

Республики Фæллойнæ æма социалон ирæзти министрадæ адæмæн сæ зæрдæбæл лæууун кæнуй, цæрæнуатон-коммуналон лæггæдтæ федун æнцондæр цæмæй уа, уомæн ке ес паддзахадон агъаз – субсиди.

Кæмæн си ес пайда кæнуни барæ? Уæхæн барæ ес, сæ еумæйаг æфтуйагæн æ 21 процентемæй фулдæр коммуналон феддонтæ кæмæн «нихъуæрунцæ», уæхæн бийнонтæн. Уотæ амонуй закъон. Субсиди цæйбæрцæ уодзæнæй, е нимад цæуй, фатери финст ка 'й, еци бийнонтæ цал æнцæ, фæстаг æхсæз мæйемæ сæ еумæйаг æфтуйæг цæйбæрцæ адтæй, федаргонд ка 'рцудæй, коммуналон лæггæдтæн сæ еци аргъ региони цæйбæрцæ 'й, етæ.



Уæхæн бийнонтæн субсиди лæвæрд цæмæй æрцæуа, уой туххæй ес еунæг домæн – коммуналон феддонтæй ихæстæ син гъæуама ма уа.

Субсиди райсæн ес, цæрæнбунатмæ гæсгæ кумæ хауй, социалон æгъдауæй лæггадæгæнæг еци центрмæ, портал «Госуслуги»-мæ курдиадæ бадæтгæй, кенæдта бацæун гъæуй хæстæгдæр ка 'й, берæкъабазгин еци центрмæ (МФЦ).

Сувæллæнтти киунуги Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 2 апърели. Барæвдауетæ уæ сабийти, зæрдæмæдзæугæ киунугутæ син балæвар кæнгæй!..

*Роберт БЕНЧЛИ (1889-1945), американский актер, театральный критик: «Любой человек способен сделать любую работу при условии, что за нее не нужно приниматься немедленно...» Будто сказано про тех, кто у нас должен немедленно навести порядок в ЖКХ, но никак не приступят к этому... И так годами...*



**ВАЖНО НЕ РАЗГЛАГОЛЬСТВОВАТЬ О ПРОБЛЕМЕ, А КОНКРЕТНО РЕШАТЬ ЕЕ НА ПОЛЬЗУ ЛЮДЯМ И ОБЩЕСТВУ**




# ДЕЛО ВЕДЬ НЕ ТОЛЬКО В ТРУБЕ...

«Жилищно-коммунальное хозяйство в России традиционно считается мертвым грузом экономики и головной болью властей…»

Так в федеральном журнале «Профиль» более двадцати лет писалось о состоянии столь жизненно важной для населения отрасли. С тех пор уже столько лет прошло, а проблема столь же болезненно ощутима и для властей, и для граждан, которые за жилищно-коммунальные услуги (к слову, зачастую оказываемые из рук вон плохо) вынуждены платить по непомерно завышенным тарифам.

Как быть? Когда же в этой сфере будет наведен должный порядок? Вряд ли кто вразумительно ответит на этот вопрос – такое сомнение неспроста, ведь из года в год ведутся разговоры по этому поводу, а желаемого результата как не было, так и нет. Кстати, в той же статье, которую упомянули в начале, сказано: «Решить накопившиеся в ЖКХ проблемы в одиночку государство не в состоянии…» Так что, это решение переложить на плечи граждан?..

Не будем гадать, тем более, как стало известно, проблемой вновь озаботились в Госдуме – на одной из недавних заседаний она приняла закон, направленный на усиление государственного контроля за тарифообразованием.

* * *

Это важнейший шаг на пути защиты граждан от необоснованных начислений и завышенных тарифов. Об этом в «Российской газете» поведал Андрей Исаев, заместитель руководителя фракции «Единая Россия» в Госдуме.

Напомню, что эту тему председатель Госдумы поднимал на недавнем Отчете правительства. С 1 января кабмин разрешил скорректировать тарифы на 1,7% в связи с повышением НДС. Но, к сожалению, не во всех регионах принимают решения в соответствии с этим распоряжением: в некоторых субъектах Федерации энергетические комиссии или региональные органы власти существенно повысили платежи за услуги ЖКХ, прежде всего за тепло, иногда рост тарифов составлял 30%.

Причем проблема с завышением тарифов наблюдалась и ранее.

По итогам проверок Федеральной антимонопольной службы за период с 2023 по 2025 годы, россияне переплатили за услуги ЖКХ почти 103 млрд рублей. Из них только в прошлом году были выявлены необоснованно начисленные средства свыше 50 млрд рублей: за электричество переплата составила более 25 млрд рублей, за вывоз твердых бытовых отходов – почти 12 млрд рублей, за теплоснабжение – без малого 11 млрд рублей, за водоснабжение – около 2,5 млрд рублей. После завершения проверок эти деньги были возвращены гражданам.

И подобные ситуации наблюдаются из года в год.

Поэтому «Единая Россия» согласовала с правительством проект закона, направленный на стабилизацию ситуации с тарифообразованием и на оперативное устранение фиксируемых федеральными контролирующими органами нарушений, допускаемых при изменении тарифов на услуги ЖКХ: в сфере электроэнергетики, теплоснабжения, газоснабжения, водоснабжения и водоотведения, обращения с твердыми коммунальными отходами.

Мы считаем, что коммунальные платежи должны быть экономически обоснованными и оставаться доступными для людей. Рост тарифов не должен вести к сокращению семейных расходов на самое важное: на здоровье, образование, жилье и так далее.

В частности, предлагается предоставить дополнительные полномочия Федеральной антимонопольной службе в части надзора за тарифообразованием в регионах. ФАС сможет самостоятельно устанавливать предельные тарифы в случае неисполнения субъектом Федерации предписаний ведомства.

Устанавливается срок один месяц, в течение которого регулирующий региональный орган власти должен пересмотреть тарифы для населения в целях приведения в соответствие с решением антимонопольной службы.

Другим законом, вносящим изменения в Кодекс Российской Федерации об административных правонарушениях, предусматривается дисквалификация на срок до трех лет должностного лица регионального исполнительного органа в области регулирования тарифов за неоднократное невыполнение им в установленный срок законного предписания ФАС. Имеется в виду невыполнение решений три и более раз в течение года.

Добавлю, что если в субъектах Федерации продолжат отходить от предельных тарифов, то Госдума будет приглашать руководство Федеральной антимонопольной службы в парламент, чтобы оно отчиталось о тарифообразовании в том или ином регионе и ответило на вопрос, почему платежи растут необоснованно.

Принятие этих нововведений делает контроль за тарифами более действенным, а саботаж требований ФАС более рискованным для чиновников и управляющих компаний. Уверен, что принятые решения уже очень скоро отразятся на платежках граждан.

* * *

*По поводу этого заверения А. Исаева поневоле возникает сомнение: много чего нам обещают и депутаты, и представители власти всех уровней, только вот толку-то от всего этого мало когда бывает. Не получится ли так и сейчас?*

* * *

Возможно, в связи с тем, что Госдума приняла закон, направленный на усиление государственного контроля за тарифообразованием (в частности, в ЖКХ), или же, возможно, по какой-то другой причине, но в средствах массовой информации (как федеральных, так и региональных) появились публикации по этой проблеме.

Так, в федеральной газете «Наша версия» журналист Марина Ярдаева высказала по этому поводу свое мнение, причем свою публикацию озаглавила многозначительно: «Коммунальное безумие».

И, видимо, неспроста: как она заметила, люди продолжают жаловаться на взлетевшие цены за коммуналку – они закидывают государственные инстанции коллективными обращениями, собираются на пикеты. А чиновники лишь разводят руками, убеждают народ, что ничего не изменилось, никакого подорожания нет, гражданам просто показалось. Вот автор и недоумевает: «Как же показалось?..»

И приводит свои аргументы. В феврале граждане получили квитанции за первый месяц нового года и обомлели. У кого-то цифры в платежках выросли в 1,5-2 раза. А ведь было заявлено, что рост тарифов в первой половине 2026 года составит всего-то 1,7 процента. Федеральная антимонопольная служба, впрочем, разобралась со всем очень быстро. Подозрительно быстро. Вердикт: никаких нарушений не было. А то, что суммы в счетах изменились, так это не рост цен, это другое.

Какое «другое»? Даже сезонным увеличением платы за отопление из-за морозов ситуацию не объяснить. Подскочили счета за воду, за капремонт, за содержание жилья, за вывоз мусора – за все. Почему? А потому, что дьявол кроется в деталях. Вот, например, вода. За нее стали платить больше те, кто не поставил счетчики: нормативы увеличили в 2 раза. Или капремонт. Тарифы на него определяются в регионах, и никто не обещал, что они не повысятся больше чем на заявленные 1,7 процента. Вот они и взлетели на 15-20 процентов, потому что муниципалитеты так решили.

Выяснилось также, что широкими полномочиями наделены и сами управляющие компании. Они могут повышать плату за управление общедомовым имуществом на 10-15 процентов без всяких согласований как с собственниками, так и с регуляторами. Вот они, видно, и воспользовались своим правом. Но можно накрутить и больше. В начале года операторы вправе сделать корректировки потребленных ресурсов и доначислить платежи за прошлые периоды. Хитро! А еще суммы меняются из-за смены расчетных центров, которая происходит порой чаще, чем времена года. С квитанциями вечно какая-то неразбериха: разные услуги то объединяют в одну платежку, то, наоборот, появляется десять разных. И это не просто бумажные приключения – это системные перебои, за которые тоже приходится платить. Нам с вами.

Но люди платить черт знает за что не хотят. Вот только вопрос: насколько они смогут отстоять свою правду.

Вся эта ситуация с неурядицами в ЖКХ и непомерно растущими тарифами за услуги (они золотые что ли?..) напоминает одну криминальную историю. В каком-то городе возле высотного дома с озабоченным видом расхаживал мужчина с папкой и секундомером. Остановив проходившую мимо даму, он, представившись сотрудником правоохранительных органов, уговорил ее поучаствовать в следственном эксперименте, заверив, что это много времени не отнимет. Необходимо было подняться на лифте на верхний этаж и сойти вниз по лестнице, как говорится, своим ходом. Таким образом, «следователь» планировал выяснить, сколько времени понадобилось для совершения преступления, чтобы спуститься с верхнего этажа.

Сойдя по лестнице первый раз, дама нашла «следователя» удрученным.

– Не получается, – сокрушался он. – Сумка вам явно мешает добиться необходимого результата.

Дама сбежала вниз без сумки. Результат в принципе обнадеживал.

– Дело было летом, – констатировал экспериментатор, – а сейчас зима. Без шубы вы бы прошли дистанцию быстрее.

Максимально облегчившись, оставив внизу даже серьги и кольца, дама самоотверженно шла на рекорд. Она достигла неплохих результатов в скоростном спуске по лестнице крупнопанельного дома. Но зафиксировать ее внизу уже было некому.

Ну кто теперь сможет с уверенностью утверждать, что где только мир бесконечен? Я думаю, что на первом месте, при всем уважении ко Вселенной и прочему звездному окружению, должна стоять беспредельная человеческая наивность.

***Карикатуры из открытых источников.***




**Два интересных праздника отмечается 1 апреля – День смеха и День поэзии и творческого разума. Пожелаем себе, чтобы нам всегда хватало разума и творчески радостно вершили свою судьбу.**

*Вовочка спрашивает:*
*– Мама, а почему у папы, так мало волос на голове?*
*– Потому что он очень умный.*
*– А почему у тебя их так много?*
*– Замолчи и ешь!..*

☺ ☺ ☺

*– Утверждают, что при каждом поцелуе передается пять миллионов микробов.*
*– Но ведь, с другой стороны, от стольких же и избавляешься.*

**ДÆ КÆСТÆРÆЙ ЦÆМÆЙ БОЗ ÆМА СÆРУСТУР УАЙ, УОБÆЛ АРХАЙУН РАЙДАЙÆ Æ САБИЙДОГИ...**





# КÆСТÆРÆЙ-ХЕСТÆРÆЙ СИН СÆ ЗÆРДИТÆ БАРОХС КОДТОНЦÆ

Зундгонд куд æй, утемæй æрæги бæрæггонд цудæй Ураза-байрам, пусулмон комуадзæн. Аци цитгин бæрæгбон кæд пусулмон бæрæгбонбæл нимад цæуй, уæддæр æй Комуадзæни кадæн ци берæ аллихузон цитгингæнæн мадзæлттæ арæзт æрцудæй, уонæн сæ ахсиагдæртæй еуебæл банимайун æнгъезуй уой, æма комкоммæ еци бæнттæй еуеми сæрмагонд æфсæддон операций архайгути кæстæртæн сæ ниййергути хæццæ театр «Саби»-ий сæрмагондæй равдистонцæ спектакль – «Алæмæттаг зæрбатукк». Æма театри кæсæн зали, куд фæззæгъунцæ, адæмæй къох бакæнæн дæр нæ адтæй – дæс æма авдинсæй театрдзауемæн фæцæй спектаклмæ бакæсуни равгæ. Зæрдæхцæуæнæй цийнæ кодтонцæ сабийтæ дæр æма сæ ниййергутæ дæр.



Уонæн зæрдиагæй райарфæ кодта Цæгат Иристони пусулмæнтти уодварни управлений сæрдар **Гуæцæлти Хаджиморат**. Æма куд фегъосун кодта, утемæй аци хуæрзауодæн мадзал еумæйагæй арæзт æрцудæй сæрмагонд æфсæддон операций ветеранти Советти хæццæ.

– Нæ бæрæгбон мах бæрæг кæнæн еугур республики дзилли хæццæ. Æма е æхцæуæнгъуддаг æй, уæлдай æхцæуæндæр ба уомæй æй, æма ’й нæхе цæститæй уинæн, сабийтæ куд зæрдиагæй цийнæ кæнунцæ, æма мах, хестæртæ, дæр устур уодæнцойнæдзийнадæ есæн, уонæмæ кæсгæй. Федарæй ми æруагæс кæнуй, æма «аразæ хуарздзийнадтæ», зæгъгæ, ку фæззæгъæн, уæд нин е утид сæнттади хузи загъд ке нæ уодзæнæй, фал нин не исуодзæнæй нæ цардиуаги еудадзугон фæткæ, æма ’й куд лæдæрæн, хуарздзийнадтæ аразун гъæуй аллибон дæр, алли минут дæр, цæмæй ни алке ирисхъæ дæр бæрæг дара пайдахæссæг гъуддæгутæ арæзунæй. Е ахсиаг цард куд æвдесуй, утемæй кæстæр фæлтæр уæлдай хъæбардæр лæдæрунцæ, хуарздзийнадæ арæзæн æви нæ, уой æма кæд уомæ бæллæн, цæмæй нæ кæстæртæ байлæгъ кæнонцæ хуæрзæгъдаугинæй, цæмæй боз æма сæрустур уæн сæ цардиуаги хабæрттæ æма гъуддæгутæй, уæд син гъæуама дæнцæ уæн хуæрзагадæй. Æма мах, баунаффæ кодтан, ка ци дин хæссуй, ка ци адæмихаттæй æй, уомæ нæ кæсгæй, ирæзгæ фæлтæрæн æхцæуæндзийнадæ исаразун, уомæн æма мах еу дзиллæ ан, еу дуйнебæл цæрæн, – баханхæ кодта муфтий.

Уой дæр ма зæгъун гъæуй, æма еци мадзалæй театр «Саби» исбæрæг кодта еума бæрæгбон, еци-еу бон исбæрæг кодта – куклатæй архайæги Бон.

Спектакли фæсте æригон театрдзаути исбоц кодтонцæ зæрдæбæлдарæн лæвæрттæй.

Аци мадзалмæ хунд ка ’рцудæй, етæ кæстæрæй-хестæрæй хъæбæр боз адтæнцæ, æгайтима син уæхæн алæмæти дессаг бæрæгбон исаразтонцæ. Сæ номæй райарфæ кодта сæрмагонд æфсæддон операций архайæг **Хъусати Эдуард**:

– Нæхемæ нæ кизги хæццæ ку ’рбаздахтан, уæд æ дестæн кæрон нæбал адтæй, хъæбæр зæрдæхцæуæнæй фæцæцийнæ кодта æ æнай-æнойти лæварбæл. Æма ми никки хъæбæрдæр баруагæс æй, ауæхæн культурон мадзæлттæ цæйбæрцæбæл ахсиаг æнцæ, цæйбæрцæбæл агъазиау æй сæ ахедундзийнадæ нæ кæстæртæн, сæ зундирахаст æма уодиконд рæстмæ гъомбæл кæнунæн, ауæхæн рауæнти фембæлгæй, кæрæдзебæл æхцулдæр æма æновуддæр кæнунцæ.





## БАСТДЗИЙНÆДТÆ



### АМУДТА Æ ДÆСНИЙАДÆ

Зундгонд цæцæйнаг хузæгæнæг Рустам Яхиханов Цæгат Иристони паддзахадон университети студенттæ-хузæгæнгутæн Дзæуæгигъæуи Наицон музейи равдистити зали амудта æ дæснийадæ аййевадон уадзимисти архайæг адæймæгути хузтæ кæнуни темæбæл.

Хузæкæнуйнади аййевади къабази студенттæ устур аргъ кæмæн искодтонцæ, хузæгæнæги уæхæн персоналон равдист «Дыхание жизни»-й кæронбæттæн бонтæй еуеми исаразтонцæ фембæлд. Аййевæдти факультети хундмæ гæсгæ, хузæгæнæг «Кавказский натюрморт»-и темæбæл исараста практикон ахурадæ. Фембæлди архайгутæ æвзурстонцæ кавказаг адæмти цардбæл дзорæг композицитæ.

Хузæгæнæг студенттæн, сæ конд уадзимистæ син лæмбунæг равзаргæй, адæймаги хузæ кæнуни аййевади фæдбæл бæлвурд унаффитæ фегъосун кодта.

Студенттæ сæ зонундзийнадтæ фæффулдæр кæнунбæл зæрдиагæй архайунцæ. Кавказаг адæмти цард æма се ’гъдæуттæ ирдæй æвдист цæмæй цæуонцæ, хузтæ кæнгæй, уомæ бæллун, – зæгъуй хузæгæнæг.

Цæцæни Республики адæмон хузæгæнæг, Уæрæсей хузæгæнгути Цæдеси иуонг Рустам Яхиханов косуй Санкт-Петербурги Илья Репини номбæл аййевæдти академий ахургæнæгæй. Æ исфæлдистадон кусти еудадзугдæр устур æргом æздахуй Кавкази адæмти æгъдæуттæмæ, æновудæй архайуй сæ аллибони цард син æ конд хузти равдесунбæл.

***Цæгат Иристони паддзахадон университети пресс-службæ***

**Дигорæ**
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг. Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00. **E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru. **Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.** Рафинсуни индекс: **73946.** Тираж **730.** Заказ **№ 601.** Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 27.03.2026. Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 27.03.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**